



Pou Piblikasyon Imedya: 16/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO BAY MIZAJOU SOU DISTRIBISYON VAKSEN COVID-19 LA NAN NEW YORK

*Sit Distribisyon Swen Sante New York yo te administre 83% dòz yo te resevwa nan men Gouvènman Federal la*

*Yo te administre 73,336 dòz anplis nan peryòd 24 èdtan anvan an*

*Yo bay tout vaksen yo sou randevou sèlman; yo bay randevou pou dezyèm dòz la touswit apre premye dòz la*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mete Nouyòkè yo ajou jodi a sou distribisyon vaksen COVID-19 la apre premye kat semèn disponibilite yo pou sant swen alontèm yo. Apwovizyonman vaksen Eta a se gouvènman federal la ki detèmine li, epi byenke gen plis pase 7 milyon Nouyòkè ki kalifye kounye a pou vaksen COVID la, semèn k ap vini an, eta a ap resevwa 250,000 dòz sèlman nan men gouvènman federal la. Jiskaprezan, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 83 poustan dòz yo te resevwa nan men gouvènman federal la. Sit sa yo te administre 73,336 dòz anplis nan yon peryòd 24 èdtan anvan an.

"Nou nan yon kous pou fè vaksen an rive nan bra Nouyòkè kalifye yo osi rapid ak ekitab posib", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Sepandan, nou genyen kounye a 7 milyon Nouyòkè k ap goumen pou yon pati nan dòz yo ke gouvènman federal la mete disponib pou itilize. Nou bezwen pou Washington entansifye ak ogmante apwovizyonman New York la pou asire tout moun ki vle vaksen an gen opòtinite pou pran li."

Piske apwovizyonman federal la limite kapasite pou distribye vaksen yo, nou ankouraje Nouyòkè yo pou rete pasyan epi nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou. Gwo rezo distribisyon New York la ak gwo kantite popilasyon moun ki kalifye yo depase anpil apwovizyonman vaksen k ap sòti nan gouvènman federal la. Semèn k ap vini an, New York ap sèlman resevwa 250,000 dòz nan men gouvènman federal la pou yon inivè ki depase 7 milyon moun ki kalifye.

Repatisyon done yo fèt konsa (sou baz kantite ki rapòte bay Eta New York nan 10 am jodi a):

**REPATISYON NAN TOUT ETA A**

<b>Total (1ye + 2yèm dòz)</b>			
	<b>Resevwa</b>	<b>Administre Jiskaprezan</b>	<b>% Admin</b>
<b>Sit Distribisyon Swen Sante (Lopital, sit vaksinasyon an mas, etc)</b>	934,925	772,399	83%

<b>1ye dòz</b>			
	<b>Resevwa</b>	<b>Administre Jiskaprezan</b>	<b>% Admin</b>
<b>Sit Distribisyon Swen Sante (Lopital, sit vaksinasyon an mas, etc)</b>	844,250	687,379	81%

<b>2yèm dòz</b>			
	<b>Resevwa</b>	<b>Administre Jiskaprezan</b>	<b>% Admin</b>
<b>Sit Distribisyon Swen Sante (Lopital, sit vaksinasyon an mas, etc)</b>	90,675	85,020	94%

### **REPATISYON REJYONAL**

<b>Sit Distribisyon Swen Sante (Lopital, sit vaksinasyon an mas, etc.)</b>		
<b>Rejyon</b>	<b>Premye dòz yo - % Administre sou dòz nou resevwa yo</b>	<b>Premye ak dezyèm dòz yo - % Administre sou dòz nou resevwa yo</b>
Capital Region	93%	96%
Central New York	95%	95%
Finger Lakes	83%	85%
Long Island	93%	89%
Mid-Hudson	85%	84%
Mohawk Valley	88%	89%
New York City	71%	74%
North Country	97%	97%
Southern Tier	95%	99%
Western	89%	91%

	Semèn livrezon	1	2	3	4
Premye dòz yo (Pwogram LTCF federal la pa ladan)					
TOTAL	TOTAL	90 675	392,025	201,500	160,050
	KIMILATIF	90,675	482,700	684,200	844,250

\*\*Kantite total yo anwo a gen ladan tout livrezon vaksen chak semèn pou NY pandan premye 4 semèn pwogram lan. 5yèm semèn repatisyon pou pwogram vaksinasyon NY la (pwogram swen alontèm federal la jere a pa ladan) te kòmanse nan distribye 1/12 epi kontinye rive jodi a kote tout distribisyon chak semèn lan ap fini. 5yèm semèn repatisyon an pral parèt nan kantite total dòz pou demen ki libre bay Eta New York.\*\*

Jiskaprezan, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 83 poustan dòz ke yo te resevwa nan men gouvenèman federal la men akòz repatisyon limite gouvenèman federal la, randevou yo te ranpli byen vit. Nou rekòmande Nouyòkè yo pou rele depatman sante, famasi, doktè oswa lopital ki bò lakay ou pou plis enfòmasyon ak pou pran randevou. Pou detèmine kalifikasyon ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere, vizite sitwèb '[Am I Eligible](#)' la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)